



Èske m ap kalifye?



Posesyon/Mèt Kay

Dwe pwouve posesyon an apati mwa septanm 2017.



Domaj Siklòn nan lakòz

Domaj ki fèt nan pwopriyete a dwe se akòz Ouragan Irma ak/oswa Ouragan María.



Fondasyon ki Kalifye

Pwopriyete ki domaje a dwe se youn nan kalite fondasyon kalifye sa yo:

- Yon Sèl Fanmi
- Anpil Fanmi
- Anpil Itilizasyon
- Modilè
- Kay kole
- Kondominyòm

Nòt: Lwaye pandan tout ane a sèlman (pa lwaye sezonye)



Ou dwe Lwe Kay pou vin Lokatè LMI

Pwopriyete kay la/mèt kay la dwe lwe kay la ba lokatè ki gen revni ba ak lokatè ki gen revni modere (LMI).



Peryòd 10 oswa 15 Ane pou Pri Lwaye a Abòdab

Si pwopriyete a gen mwens pase 8 apatman, pri lwaye a pa dwe depase 30% revni lokatè a pandan 10 zan.

Si pwopriyete a gen 8 apatman oswa plis, pri lwaye a pa dwe depase 30% revni lokatè a pandan 15 zan.



Lokasyon Atanplen

Pwopriyete domaje dwe te youn lokasyon atanplen nan moman Ouragan Irma ak/oswa Ouragan María.

Kijan mwen pral aplike?

Gen twa fason pou aplike:



Nan Telefòn Ou

Chaje dokiman ou yo nan aplikasyon smatfòn pwoteje a.

Aplikasyon: Aplikasyon EnVision disponib pou tele chaje nan App store ou. Chèche: **VI Storm Recovery** answit anrejistre youn kont avèk youn adrès imèl epitou ranpli aplikasyon an.



Nan Òdinatè Ou

Chaje dokiman ou yo nan pòtay nou an sou entènèt. Ou kapab pwograme youn konsiltasyon pèsònèl tou nan youn Sant Soulajman ki toupre ou.
Sitwèb: Vlstormrecovery.com



Fas-a-fas

Rankontre avèk youn Konseye Pwogram nan ki gen anpil konesans nan Sant Soulajman nou yo.

St. Croix

Health Conscious building (touple NAPA)

St. Thomas

TuTu Mall (touple Subway)

St. John

Marketplace (touple VIYA)

Ki Dokiman ki Pral Nesesè?



Prèw Posesyon: *Tanpri bay youn nan dokiman sa yo:*

- Tit pwopriyete a (prefere)
- Rapò tit la (yon konpayi asirans tit lisansye ba ou)
- Dosye estimatè taks
- Lòt dokiman legal (nou dwe revize youn-pa-you)



Prèw Lwaye Atanplen: *Tanpri bay youn nan dokiman sa yo:*

- Kontra lwaye
- Lisans Biznis
- Asirans lwaye lokatè

